



GID OU POU FATRA, RESIKLAJ, KONPÒS, AK PLIS LÒT BAGAY !


Mèsi poutèt ou pa mete fatra sou ranblè a.



CITY OF
CAMBRIDGE

THE WORKS
CAMBRIDGE DEPARTMENT OF PUBLIC

ZER^W
WASTE
CAMBRIDGE



**Depi an 2016, Vil Cambridge la redui
apeprè 2000 tòn fatra, nan yon ane.**

Ansanm, nou ka avanse !

**Plis pase mwatye nan fatra nou jete yo,
nou ka resikle yo, fè konpòs avè yo, oswa
pa mete yo nan ranblè.**

Foto : Kyle Klein

SÈVIS KOLEKSYON CHAK SEMÈN

Depatman Travo publik nan Cambridge (DPW) mete sèvis pou ramase atik resiklaj, konpòs, fèy bwa, zèb ak fatra, chak semèn.

- Mete poubèl woulan nan koub lari a, nan lavèy apre 6 zè diswa, oswa oplita a 7 tè dimaten, nan jou koleksyon an.
- Lè koleksyon an fini, retire bwat poubèl yo sou trotwa a, oplita a 6 zè diswa.
- Nan jou fèt yo, ka gen reta nan koleksyon an. Vizite sit entènèt nou an, pou w ka wè orè koleksyon pa ou an.

Rapò, lè yo pa fè koleksyon nan : CambridgeMA.Gov/311 apre 4 trè diswa, nan jou koleksyon an, oswa nan demen maten avan 9 vè.



**Si w bezwen bwat poubèl, materyèl, oswa
plis enfòmasyon [CambridgeMA.Gov/Recycle](#)**

ITILIZE GID NOU METE «POU BYEN ELIMINE L LA»

- Chèche fason pou w elimine plizyè milye atik !
- Gade orè koleksyon an, epi fè fason pou raple ou.
- Gade enstriksyon sou koleksyon espesyal yo (matla, aparèy, twal, ak plis lòt bagay).
- Chèche orè netwayaj lari a.

The screenshot shows a web interface for waste disposal. At the top, there's a navigation bar with links for 'Calendar', 'Get Rid of it', 'Mattress Collection', 'Textiles', 'Game', 'Street Cleaning Schedule', and 'Need help?'. Below the navigation is an address field showing '147 Hampshire St, Cambridge, Massachusetts'. A search bar is present with the placeholder 'Type the name of a waste item and we'll tell you how to recycle or dispose of it.' Below the search bar, there's a section titled 'Popular Searches' featuring icons for a red t-shirt ('Clothes/Textiles (any condition)'), a purple couch ('Couch'), a metal cage ('Air conditioner'), and a plastic bag ('Plastic bag').



Itilize gid la, oswa telechaje aplikasyon Zero Waste Cambridge la, nan : CambridgeMA.Gov/Recycle

MET NAN FATRA



- ✓ Mete fatra a nan charyo poublèl Vil lan bay yo.
- ✓ Se pou w mete fatra, ki depase limit la, nan sache pou bagay lou (omwen ki gen epesè 3 milyèm). Mete akote bwat fatra a sèlman nan maten jou koleksyon an.
 - Li pa dwe gen manje ladan l.
 - Sache yo dwe peze mwens pase 50 liv.

RESIKLE

Resiklaj obligatwa nan Massachusetts.

MAMIT AK ALIMINYÒM



RESIPYAN PLASTIK



BOUTÈY AN VÈ AK BOKAL



PAPYE AK KATON (Bwat katon pliye)



Atik ki pa nan lis la ?

Tcheke si yo ka resikle l nan :
CambridgeMA.Gov/Recycle la



PA METE sache, ak papye anbalaj an plastik yo.



PA METE manje oswa likid. Rense kontenè yo lejèman.




PA METE kawotchou dlo, kab, sèso, aparèy elektwonik.

KONPÒS

Melanj lan ede redui fatra nan ranblè yo,
epi li pwoteje klima a.

TOUT RÈS MANJE ...

...MENM VYANN, ZO AK KOKIY !



BRANCH
FLÈ



PAPYE POU SIYE MEN
AK SÈVYÈT AN PAPYE



SACHÈ TE, MA
AK FILTÈ KAFÉ



Lè w mete manje yo nan
bwat konpòs ki fèmen,
li pi bon pase poubèl
woulan, pou w ka
kontwole rat ak sourit.



ETAP 1

Prepare bwat nan
kuizin ou an avèk sache
konpòs, e sanble rès
manje yo.



ETAP 2

Mete sache a
arebò totwa a, nan
bwat konpòs,
epi fèmen l, avèk kle.

Pinga w kite yo vin pran konpòs nan batiman ou lan ?
Ou ka kòmande yon bwat kuizin GRATIS, epi al mete rès manje yo,
nan youn nan kote nou resevwa yo an.



Kòmande yon bwat kuizin, epi al chèche plis enfòmasyon nan :
CambridgeMA.Gov/Compost

RAD / TWAL



Lalwa eta a entèdi yo lage twal nan fatra.

Fè don, repare, oswa resikle tout twal :


- Rad • Dra • Sèvyèt • Soulye • Akseswa

Atik yo gen dwa chire, oswa tache, men se pou yo pwòp ak sèch.



Mete randevou, pou yo vin pran bagay lakay ou GRATIS, (oswa chèche yon bwat pou depoze) nan : **CambridgeMA.Gov/Recycle la**

KOLEKSYON GWO BAGAY



Nou pa bezwen pèmisyon pou kèk atik, tankou kanape ak bifèt. Li obligatwa pou w gen otorizasyon pou lòt bagay, tankou matla, televizyon ak ekipman. Mete randevou pou pèmi w lan nan : **CambridgeMA.Gov/Recycle la**



Panse sou fè don atik, oswa fè anons yo sou entènèt : Fowòm NextDoor, Craigslist, oswa Facebook (“Buy Nothing Cambridge”, “Curb Alert Cambridge”).

DECHÈ NAN LAKOU



- ✓ Yo fè koleksyon an, soti nan 1 ye avril, rive jouk nan 31 desanm.
- ✓ Itilize sache an papye pou fèy bwa, oswa doum ki gen etikèt Vil lan bay.
- ✓ Branch bwa, ak ti branch yo, pa dwe depase 3 pye.

- 🚫 Pa mete Sache plastik, oswa Tè.




Yo fè koleksyon abdenwèl yo nan premye de semèn mwa janvye.

RECYCLE CENTER



Gen kèk atik yo pa ka mete deyò sou twotwa, pou resiklaj, epi yo dwe pote yo nan Recycle Center, tankou :

- Batri (ki pa gen asid)
- Liv
- Sachè plastik
- Mòso metal
- Ti aparèy elektwonik (anba 20 liv)
- Anpoul fliyorisan



Ouvri madi e jedi, soti nan 4trè nan apremidi, rive nan 7 tè edmi nan aswè, epi samdi soti nan 9 vè di maten, rive nan 4 trè nan apremidi. 147 Hampshire St. (Nan dèyè lakou DPW la, nan kwen adwat la)

DECHÈ PWODUI DOMESTIK KI GEN DANJE



Yo dwe mete pifò atik ki gen etikèt **DANJRE, PWAZON, DANJE, AVÈTISMAN, oswa ATANSYON** sou yo, nan yon moman pou dechè danre. Pou w jwenn dat yo, vizite : CambridgeMA.Gov/Recycle la

✓ Nan atik yo aksepte yo gen :

- | | | |
|-------------------------------------|---------------|--------------------------|
| • Penti ki gen luil,
oswa latèks | • Medikaman | • Batri machin |
| • Pwodui chimik | • Tank pwopán | • Kaoutchou
(jiska 4) |
| | • Ekstenktè | |

- 🚫 Pa janm vide pwodui danre, nan twou tiyo, oswa basen yo, oswa mete yo nan fatra.
- 🚫 Pa melanje pwodui chimik yo.



**City of Cambridge
Department of Public Works
147 Hampshire St
Cambridge MA 02139
617.349.4800**

Men g̊id ou, pou fatra, resiklaj, konpòs, ak plis lòt bagay !

Ansanm, nou ka fè pa gen fatra
nan ranblè a.

